



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools
Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board
Perla Tabares Hantman, Chair
Dr. Steve Gallon III, Vice Chair
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Dr. Lawrence S. Feldman
Dr. Martin Karp
Dr. Lubby Navarro
Dr. Marta Pérez
Mari Tere Rojas

6 mas 2020

Chè Paran/Gadyen:

Pandan epidemi global 'COVID-19 (coronavirus)' la ap evolye e devlope rapidman, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap kontinye suiv dènye konsèy ki soti nan "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ak Depatman Sante Florid sou mezi prevansyon ki pi efikas yo.

CDC pibliye avètisman enpòtan pou zòn ki ap eksperimente yon pi gwo "pwopagasyon kominotè" viris la. Depi 3 mas 2020, Lachin, Kore Disid, Itali, ak Iran sou lis Avètisman Nivo 3; Japon nan Alèt Nivo 2; e Hong Kong nan Siveyans Nivo 1. Li enpòtan pou nou sonje avètisman sou vwayaj yo prèske chanje chak jou.

Nan yon ane lekòl òdinè, anpil fanmi vwayaje pandan vakans prentan an. Lè nou konsidere evènman mondyal sa yo, nou mande elèv ak fanmi yo pou yo konsidere chanje plan vwayaj pou yo ale nan kèlkeswa peyi ki afekte yo pou rès ane lekòl la. Nou mande pou okenn elèv pa vwayaje al nan peyi ki nan Alèt Nivo 2 oubyen Avètisman Nivo 3.

CDC ofri gid ki anba a si yon moun nan kay ou ap vwayaje/te vwayaje al nan zòn ki gen avètisman akòz 'COVID-19'.

Nivo Avètisman Vwayaj	Aksyon ki Mache Avèk li
Avètisman Nivo 3	<u>Pa</u> voye pitit ou lekòl pou 14 jou kòmanse nan dat li/yo retounen an.
Alèt Nivo 2	Nou <u>sijere anpil</u> pou pitit ou rete lakay pou yo pa vin lekòl pou 14 jou kòmanse nan dat li/yo retounen an.
Siveyans Nivo 1	Nou <u>ankouraje</u> pou pitit ou rete lakay pou 14 jou kòmanse nan dat li/yo retounen an.

Nan tout ka nou mansyone anwo yo, nou ap eskize absans elèv yo, e nou ap fè tout efò pou kenbe pitit ou ajou ak travay lekòl yo. Anplis, akòz risk sante ki sanble ki asosye avèk 'COVID-19' la, M-DCPS ap sispann tout prim rekonesans, ak aktivite ki asosye ak prezans pafè elèv pou rès ane lekòl la. Sepandan, elèv ki gen prezans pafè jiska 5 mas 2020, pap afekte akòz absans pou rezon medikal jis rive nan fen ane lekòl 2019-2020 an. Sa an konfòmite avèk rekòmandasyon CDC a bay, ki montre ankourajman pou elèv yo gen prezans pafè yo souvan kontrekare efò ki ap fèt pou sispann pwopaje maladi a. Atravè desizyon sa a, nou ankouraje moun ki malad yo rete lakay yo, kidonk ede diminye pwopagasyon maladi a.

Distri nou an ap kontinye pwomote yon seri prekosyon pou ede evite pwopagasyon maladi respiratwa ki kontajye, tankou rim ak grip. Grip se yon maladi serye ki ka gaye fasilman, donk nou raple tout fanmi elèv pa dwe vin lekòl lè yo malad.


Anba a n ap jwenn rekòmandasyon ki soti nan CDC pou redui pwopagasyon maladi respiratwa:

- Evite kontak sere avèk moun ki malad.
- Evite touche zye ou, nen ou, ak bouch ou.
- Rete lakay lè ou malad.
- Kouvri bouch/nen ou lè w ap etènye avèk yon sèvyèt, ansuit jete sèvyèt la nan poubèl.
- Netwaye e dezenfekte objè ak sifas moun touche souvan.
- Lave men ou souvan avèk savon e dlo pou omwen 20 segond, espesyalman apre w fin itilize twalèt; avan ou manje; e apre ou fin mouche nen ou, lè w fin touse, oubyen etènye.
- Si pa gen dlo ak savon ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl. Toujou lave men nou avèk savon e dlo si men ou parèt sal.

Li enpòtan pou nou evite zòn ki gen gwo risk e suiv konsèy CDC yo pandan nou ap travay ansanm pou enplemante estrateji pou fè prevansyon yo. Mwen kwè nou ka konte sou sipò ou pou ede redui risk transmisyon 'COVID-19' la. Si w ap planifye yon vwayaj, silvoulè tcheke dènye avètisman CDC bay sou kesyon sante lè moun ap vwayaje, nan vizite <https://wwwnc.cdc.gov/travel/notices>.

Mèsi dèske ou kontinye fè patenarya avèk nou pandan n ap travay ansanm pou sante ak sekirite tout moun.

Sensèman,



Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

AMC:cb/cm
L907